

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana panalungtikan anu geus dipedar dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut taun ajaran 2020/2021 saméméh ngagunakeun média film pondok basa Sunda asup kana katégori “can mampuh” katitén tina rata-rata 67,04 tina KKM  $\geq 75$ . Ieu hal dumasar kana skor anu dipeunteun kayaning skor formal, eusi, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antarparagraf, gaya, kosa kecap, jeung mékanik. Tina 30 siswa, aya 18 urang siswa atawa 57% asup kana katégori can nyumponan KKM atawa peunteuna kurang ti 75, sedengkeun 12 siswa atawa 47% sésana geus nyumponan KKM atawa peunteuna geus leuwih ti 75. Peunteun panggedéna nyaéta 94 sedengkeun anu pangleutikna 33. Kamampuh nulis carita pondok dina aspék formal carita kalayan rata-rata skorna 3,17 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék eusi carita kalayan rata-rata skorna 3,03 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék imajinasi carita kalayan rata-rata skorna 2,73 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; aspék tokoh jeung penokohan carita kalayan rata-rata skorna 2,50 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; aspék plot/galur carita kalayan rata-rata skorna 2,80 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; aspék hubungan antarparagraf carita kalayan rata-rata skorna 2,87 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; aspék gaya penulisan carita kalayan rata-rata skorna 2,27 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; aspék kosa kecap carita kalayan rata-rata skorna 2,10 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang; jeung aspék mékanik carita kalayan rata-rata skorna 2,67 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori kurang.
- 2) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut taun ajaran 2020/2021 sabada ngagunakeun média film pondok basa Sunda asup kana katégori “mampuh” katitén tina rata-rata 85,8 tina KKM  $\geq 75$ . Ieu hal dumasar kana skor anu dipeunteun kayaning skor formal, eusi, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antarparagraf, gaya, kosa kecap, jeung mékanik. Tina 30 siswa, aya 27 urang

siswa atawa 90% asup kana katégori geus nyumponan KKM atawa peunteuna leuwih ti 75, sedengkeun 3 siswa atawa 10% sesana can nyumponan KKM atawa peunteuna kurang ti 75. Peunteun panggedéna nyaéta 97 sedengkeun anu pangleutikna 60. Kamampuh nulis carita pondok dina aspék formal carita kalayan rata-rata skorna 3,60 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék eusi carita kalayan rata-rata skorna 3,80 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék imajinasi carita kalayan rata-rata skorna 3,60 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék tokoh jeung penokohan carita kalayan rata-rata skorna 3,50 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék plot/galur carita kalayan rata-rata skorna 3,47 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék hubungan antarparagraf carita kalayan rata-rata skorna 3,23 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék gaya penulisan carita kalayan rata-rata skorna 3,33 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; aspék kosa kecap carita kalayan rata-rata skorna 3,20 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup; jeung aspék mékanik carita kalayan rata-rata skorna 3,10 tina skor maksimal 4 hartina kagolong kana katégori cukup.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Film Pondok Basa Sunda. Béda anu signifikan katitén tina hasil uji-t data kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Film Pondok Basa Sunda. Analisis data pikeun uji-t ngagunakeun *Softwate SPSS PASW versi 18*. Hasil uji-t nyaéta ngahasilkeun Sig (*2-tailed*) 0,000 ( $P < 0,05$ ), asup kana katégori signifikan. Rata-rata peunteun nulis carita pondok basa Sunda siswa kelas XI IPA SMA Negeri 5 Garut taun ajar 2020/2021 téh ngaronjat. Ku ituna, hipotésis ( $H_1$ ) ditarima lantaran aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun média film pondok. Tulisan carita pondok siswa saméméh ngagunakeun média film pondok nuliskeun carita pondokna lolobana nulis pangalaman pribadi jeung basa anu digunakeuna teu ngisahkeun tokoh anu jelas. Sedengkeun kelas anu sabada ngagunakeun média film pondok basa Sunda siswa leuwih bisa ngahudang sumanget nulis carita pondok, manggihan imajinasi jalan carita anu jelas, jeung sudut pandang nyaritakeun tokohna bisa dipikaharti.

## 5.2 Implikasi

Média film pondok basa Sunda dilarapkeun dina pangajaran nulis carita pondok meunang sawangan positif ti siswa. Dilarapkeuna média film pondok basa Sunda miboga rojongan anu hadé ti siswa jeung guru. Hal ieu dilantarankeun dina prak-prakana pangajaran ngagunakeun nulis carita pondok ngagunakeun média film pondok ngirut jeung pikaresepeun tur bisa ngahudang motivasi dina néangan ide carita jeung manggihan alur nu jelas. Salian ti éta, ngagunakeun média film pondok basa Sunda bisa méré stimulus ka siswa sangkan bisa ngéberéhkeun ide caritana anu diwangun tina pintonan jeung ayana média ngadumaniskeun kamampuh nulis carita pondok dibarengan ku kreaifitas jeung imajinansi siswa nepi ka siswa gampang maham kana matéri, teu bosen nu ahirna ngaruh kana hasil anu hadé kana pangajaran nulis carita pondok.

## 5.3 Rékomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun ngeunaan Média Film Pondok Basa Sunda dina pangajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI SMA Negeri 5 Garut taun ajaran 2019/2020, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun pikeun tujuan pangajaran nu leuwih hadé keur ka hareupna. Anapon sababaraha saranna nyaéta di handap.

- 1) Média film pondok basa Sunda bisa ningkatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa tur bisa ngahudang sumanget jeung imajinasi siswa dina nulis carita pondok. Lantaran kitu, ieu média bisa digunakeun pikeun alternatif dina pangajaran nulis carita pondok.
- 2) Dibutuhkeun panalungtikan ngeunaan média film pondok anu ngagunakeun métode lian sangkan meunangkeun ambahan anu leuwih lega.
- 3) Perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan média Film Pondok Basa Sunda dina pangajaran anu séjén, sangkan bisa digunakeun dina pangajaran anu lianna.
- 4) Lantaran *online* dina ngalaksanakeun pangajaranna, guru atawa panalungtik kudu leuwih bisa ngagebrak siswa ambeh sumanget ngiluan pembelajaran sacara tepat waktu sangkan meunangkeun hasil nu diharepkeun.
- 5) Hasil panalungtikan jeung kakurangan dina ieu panalungtikan dirékomédasikeun salaku bahan réfléksi atawa bahan référénsi pikeun panalungtikan saterusna, salasihijina nyaéta panalungtik kudu bisa adaptasi heula jeung karakteristik siswa saméméh ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan sangkan bisa nyusun pangajaran nu hadé.

Sabab hasil panalungtikan kawilang aya peningkatan, aya tilu siswa anu teu aya peningatan dina hasil kamampuh sabada. Lantaran tilu siswa teu sosen-sosen diajar nulis carita pondok. Ku

kituna, sacara umum média film pondok basa Sunda bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 1 SMA Negeri 5 Garut.